

Pou yon deklarasyon inivèsèl endepandans inivèsite yo

Preyanbil :

Pa genyen pouvwa ki pi fò pase lespri moun ki kreye yo tout, pote sou pwòp tèt pa li, nan fason li panse. Panse ki genyen plis fòs la, se li menm tou ki genyen plis egzijans. Verite ak kreyasyon, bonnanj ak movezanj, se kelke non ke lèzòm bay fòs sa a. Tout sa atis ak savan yo fè, teknik ak metye yo : tout matyè ki ap lite pou sove vi panse a se ekspresyon li yo ye tou. Tout pouvwa, ke li polik, relijyon, lajan ou yon lòt, ki pa ta vle respekte egzijans sa a pa kapab pa depafini.

Konsidere ke egzijans sa a avèk tout sa ki pèmèt ke li vivan pa dwe disparèt ni mouri paske pouvwa yo ap toupizi li, poutan yo pran pòz ke yo ap sèvi li ; Konsidere ke inivèsite yo genyen yon responsabilite devan tout pèp jounen jodi ya, devan tout pèp nan tan pase yo ak nan tan ki ap vini yo, nou tout ki te patisipe yon jan ou yon lòt nan egzèsis tout dwa ak tout devwa inivèsèl panse a, nou te travay pou nou di nan pwen sa yo ki egzijans li fè nou.

Atik premye : Endepandans panse a vle di se li menm sèlman ki gen pouvwa pou li pwodwi konesans, pou li anchennen konesans sa yo nan liv ou sou lòt fòm. Limit endepandans panse a se limit ke tout moun ka santi ak teste pou wè si se vre. Se sèlman yon group moun ki egalego ki respekte endepandans panse a ak inivèsite yo ki ka make limit sa yo.

Atik II: Tout gason ak tout fanm genyen nan tout sikonstans yon dwa ke pèsòn pa ka vòlè, yon dwa pou li verifeye ke entelijens li egalego ak entelijens tout lòt moun.

Atik III: Tout moun ki ap chèche lòt konesans, ki ap ansenye oubyen ki ap etidye pataje endepandans panse a. Li dwe menn jan pou tout moun, kelkeswa plas yo nan inivèsite a, kelkeswa peyi oubyen milye yo sòti, kelkeswa relijyon ak ras yo, laj yo, fi oubyen gason.

Atik IV: Se yon pakèt lang ak yon bann kilti ki fè inivèsite a. Li gen pou misyon pou pèmèt ke yo tout kontinye devlope.

Atik V: Inivèsite a pèmèt migrasyon tout moun ak tout panse. Li ankouraje migrasyon sa a.

Atik VI: Sikilasyon sans baryè panse ak konesans yo chita sou yon dwa ki pa genyen kondisyon, se dwa pou tout moun aksede ak tout mwayen ak tout sous konesans yo. Pa gen sensi ki ka anpeche ke nou mete sous sa yo nan mouvman pou nou itilize yon panse lib.

Atik VII: Kelkeswa moun ki pran angajman pou kontribye nan chèche lòt konesans, ansenye ou etidye genyen dwa egzèsè yon panse kritik san li pa sibi sansi, represyon oubyen enkizisyon.

Atik VIII: Inivèsite a egziste nan espas kote fòs piblik yo oubyen tout lòt fòs pa kontrole. Espas li se kote li reyini ak tout libète.

Atik IX : Valè yon panse ki respekte kontrent laverite chita sèlman sou egzijans ke li dwe tout sa a ki pèmèt li teste pwòp tèt pa li. Se sèlman moun ki viv egzijans sa a nan chèche lòt konesans, ansenye ou etidye ki gen dwa evalye panse sa a nan inivèsite a : evalyasyon sa a dwe fèt nan piblik avèk moun ki pou ou kont, sa ki vle di nan kontradiksyon.

Atik X : Tout misyon inivèsite a se misyon piplik yo ye. Konsa, yo dwe respekte yo ak anpil garanti.

Atik XI : Se sèlman konesans ak zouti ke nou prodwi yo ki ka dirije yon politik syantifik. Okenn kontrent ki egziye benefis lajan aprè pa kapab dirije aktivite sa a ni finansman li bezwen. Se leta ki dwe gade vivan aktivite sa a, epi pèmèt li granmoun tèt li tou.

Atik XII : Okenn moun ki vle fè etid pa dwe fòse kraze kite sa a paske inivèsite a mande pou li peye. Pou etidye li pa dwe bay pwòp lajan li genyen oubyen prete lajan ; li pa dwe vann tout vi li oubyen yon pati ladan li, ni akseptè ke yo mache sou dinyite li. Li dwe menm jwenn tout èd materyèl ke li bezwen.

Atik XIII: Tout moun ki ap travay nan inivèsite a fè pati yon kominote ki ba li egalego tout dwa ak tout respè.

Atik XIV: Pami tout sant kote moun aprann, chèchè ak kreye lòt konesans, se sèlman sant ki genyen pou sèl objektif reyalizasyon prensip sa yo, ki rele inivèsite.

Atik XV: Nenpòt sosyete oubyen leta ki pa respekte prensip sa yo pa genyen inivèsite.

Atik XVI: Nenpòt inivèsite ki vle aplike prensip sa yo genyen dwa pou yo mete yo sou pwoteksyon pi laj lòt inivèsite avèk sant entènasyonal. Nenpòt inivèsite ki siyen deklarasyon sa a pran angajman pou li pote sekou ak tout inivèsite ki mande li, jan prensip sa a yo egzije sa a.

Komite pou ekri atik pou yon deklarasyon inivèsèl inivèsite yo. Inivèsite Paris 8.